



Pou Piblikasyon Imedya: 05/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI EKSPOZISYON POU MWA FYÈTE LGBTQ A NAN KAPITÒL LA

Yo pral monte drapo fyète LGBTQ a sou Kapitòl Eta a pou premye fwa nan listwa

Nouvo ekspozisyon an - "Egalite P Ap Janm Fè Silans" - ap selebre kominote LGBTQ New York la epi onore enpak Nouyòkè LGBTQ yo pote

Ekspozisyon an ap gen ladan pòsyon nan Kouvèti Komemoratif SIDA Entènasyonal la

Gade foto ekspozisyon an [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ouvèti ekspozisyon pou Mwa Fyète LGBTQ a ki gen kòm tit "*Egalite P Ap Janm Fè Silans (Equality Will Never Be Silent)*", ki selebre kominote LGBTQ Eta New York la epi ki rekonèt enpak politik, kiltirèl ak atistik pwofon 16 Nouyòkè LGBTQ. Ekspozisyon an ap fèt nan Sal Resepsyon Gouvènè a (Governor's Reception Room) nan dezyèm etaj Kapitòl Eta New York la, e l ap kontinye pandan tout ete a. Anplis de sa, Gouvènè a te anonse yo pral monte drapo fyète LGBTQ a sou tèt kapitòl eta a pou premye fwa nan listwa Eta New York. W ap jwenn plis enfòmasyon sou ekspozisyon an [isit la](#).

"New York se lakay lidè avangadis nan mouvman pou dwa LGBTQ yo ki te kraze baryè epi ki pa t janm sispann lite pou egalite total kapital", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Genyen yo te touye senpleman poutèt yo te moun yo te ye a - gen lòt ki te chanje dewoulman listwa nan defann kòz yo devan Tribinal Siprèm nan. Ekspozisyon sa a ap selebre epi onore moun plen bravou ak talan ekstrawòdinè sa yo - epi New York ap toujou gen rekonesans pou yo."

Alphonso B. David, ki se Konseye Anchèf Gouvènè a, te deklare, "Kominote LGBTQ a pa gen pi gran alye apa Gouvènè Cuomo epi mwen remèsye li dèske li rekonèt travay ak lidèchip pyònye sa yo. New York se yon lidè nasyonal mouvman pou dwa LGBTQ yo depi kòmansman li, epi administrasyon Gouvènè Cuomo a fè pwogrè san presedan pou garanti egalite dwa ak pwoteksyon pou moun LGBTQ yo. Mwen onore dèske yo mete m an vedèt nan ekspozisyon sa a epi mwen tennfas nan angajman mwen pou fè mouvman pou dwa LGBTQ yo pi vizib epi pou pote soutyen pou yo".

Komisè Biwo Sèvis Jeneral la (Office of General Services), RoAnn Destito, te deklare, "Mwen fyè dèske mwen fè pati administrasyon Gouvènè Cuomo a pandan l ap kontinye fè mouvman pou dwa LGBTQ yo vanse pou pi devan. Kòm gadyen ak pwotektè Kapitòl Eta New York la sa fè nou plezi dèske nou te kapab kreye yon

ekspozisyon isit la ki pral ede montre kèk nan pwogrè ki fèt yo ak difikilte ki te genyen yo nan 50 lane ki pase yo depi Stonewall".

Senatè Brad Hoylman te di, "Lè nou monte drapo fyète a sou tèt kapitòl la pou 50yèm anivèsè Stonewall se yon kokennchenn temwayaj wòl New York jwe a kòm yon fanal pou dwa imen LGBTQ yo. Mwen fyè anpil poutèt pwogrè Sena a ak Asanble a fè nan kesyon LGBTQ yo pandan sesyon lejislatif sa a pandan yo t ap travay avèk Gouvènè Cuomo, sa gen ladan adopte yon lwa sou dwa imen transjan yo, ki entèdi sa yo rele terapi pou konvèsyon masisi an, pwoteje jèn LGBTQ ki pa gen kay yo, ak plis bagay toujou. Drapo fyète a pral flote sou tèt kapitòl eta nou an epi reprezante lit, pèsèverans ak lespwa pou moun LGBTQ yo ki te kòmanse nan Stonewall Inn sa fè 50 lane epi ki simaye toupato nan lemond".

Senatè Tom Duane te deklare, "Eta New York chaje istwa lidè LGBTQ ki lite san pran souf pou yon Empire State pi egal ak pi jis. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo dèske li ouvè ekspozisyon sa a nan kapitòl la ki rekonèt enpak 16 lidè kominotè sa yo epi mwen pa ka tann pou m travay avèk li pou New York ka kontinye yon limyè espwa pou tout moun".

Manm Asanble Deborah Glick te deklare, "Mwen onore anpil dèske yo mete mwen nan ekspozisyon sa a k ap souliyen akonplisman enpòtan nan listwa Eta New York onon kominote LGBTQ a. Menm si nou gen chans ap travay epi rete nan yon eta ki kounye a soutni dwa moun LGBTQ yo, epi nou gen anpil rezon pou selebre, nou dwe kontinye ap lite pou egalite total kapital tout kote diskriminasyon ak pratik danjre toujou egziste. Se yon privilèj pou mwen gen bon konpayi konsa pandan m ap kontinye lit sa a".

Non ekspozisyon an soti nan yon sitasyon Harvey Milk, yon lidè san parèy yo mete an vedèt ladan ki te deklare, "Lespwa p ap janm rete an silans". Pifò ekspozisyon an fè omaj a kèk nan moun remakab ki gras a pèsèverans yo ak enfluyans yo fè mouvman pou dwa LGBTQ yo vin pi vizib epi pote soutyen pou li.

Ekspozisyon an gen ladan yon tablo eksplikatif k ap rakonte soulèvman Stonewall la an 1969 ak yon tablo ki konsakre a listwa drapo Fyète a. Li onore tou memwa twa Nouyòkè yo te asasine poutèt prejije sa ki te mennen chanjman ak plis pwoteksyon pou moun LGBTQ yo.

Eta New York fyè tou pou li prezante pòsyon nan Kouvèti Komemoratif SIDA Entènasyonal la (International AIDS Memorial Quilt). Gen kat seksyon 12 pye, k ap onore moun ki te pèdi lavi yo poutèt konplikasyon SIDA, ki fè pati ekspozisyon sa a. Twa Kare Siyati yo (Signature Squares) ki ekspoze nan Kapitòl la soti nan Kous Komemoratif Akansyèl Entènasyonal yo (International Rainbow Memorial Runs) nan 6yèm Je Ge yo (Gay Games VI) nan Sidne Ostrali an 2002; 8yèm Je Ge yo nan Kolòy, Almay an 2010; ak 10yèm Je Ge yo nan Pari, Lafrans an 2018. Katriyèm seksyon an, ki ekspoze nan galri Empire State Plaza a, se yon prè nan men Barbara Martinez ki te ede fonde Fundación MAROZO pou ede edike moun sou SIDA.

Angajman New York la nan dwa LGBTQ yo rive pi lwen pase lejislasyon ak inisyativ revolisyonè. Li sèvi tou kòm fon pou pwodiksyon ki pote konpreyansyon ak akseptasyon

nan piblik yo toupatou nan lemond. Tabli ak pwodui nan Vil New York, ekspozisyon an mete an vedèt tou yon tablo sou seri inovatè *Pose la*, ki te make listwa televizyon avèk pi gran kantite aktè transjan nan yon seri avèk wòl nòmal.

Nouyòkè ki annapre yo an vedèt tou nan ekspozisyon an:

Lèza ak Kilti

Alice Austen - Yon fotograf ki te refize konfòme l a nòm tradisyonèl yo pou sosyete a ak sèks ki te nòmal pou tan li.

James Baldwin - Yon womansye, eseyis, powèt, ak otè pyès teyat, ki te ekri sensèman sou ras ak seksyalite nan Etazini.

Harvey Fierstein - Yon atis, otè pyès teyat, ak komedyen doublaj ki te mete tèm LGBTQ yo nan mitan sèn nan.

Audre Lorde - Yon Powèt Loreya nan Eta New York ak yon entelektyèl ki te pale kont tout fòm enjistis.

Gouvènman

Alphonso B. David - Premye gason nwa ak premye gason ki pa kache li omoseksyèl ki sèvi kòm Konseye Anchèf Gouvènè Eta New York la.

Tom Duane - Premye moun ki pa kache li se manm LGBT, ak premye moun ki pa kache li pozitif pou VIH, nan Sena Eta New York la.

Hon. Paul G. Feinman - Premye jij ki pa kache li se omoseksyèl yo konfime nan tribinal siperyè eta a.

Manm Asanble Deborah Glick - Premye moun ki pa kache li se manm LGBTQ nan Kò Lejislatif Eta New York la.

Harvey Milk - Youn nan premye fonksyonè eli nan Etazini ki pa kache yo se omoseksyèl.

Defansè

Marsha P. Johnson - Yon pyònye mouvman pou dwa LGBTQ yo ki dapre sa yo di te reziste kont lapolis pandan soulèvman Stonewall la.

Roberta "Robbie" Kaplan - Yon avoka Vil New York ki espesyalize nan litij komèsyal ak dwa sivil ki te reprezante avèk siksè Edie Windsor nan ka enpòtan li an devan Tribinal Siprèm Etazini an ki te jete Lwa sou Defans Maryaj la (Defense of Marriage Act, DOMA).

Larry Kramer - Yon ekriven yo te nomine pou Oscar ak ko-fondatè ACT UP, ki konsakre nan sansibilizasyon sou VIH-SIDA depi plizyè dizèn lane.

Sylvia Rivera - Yon ansyen konbatan Stonewall ak yon defansè kare gwoup majinalize yo andedan mouvman LGBTQ a.

Vito Russo - Yon otè, aktivis, ak pwofesè sinema ki te ede fonde GLAAD ak ACT UP.

Bayard Rustin - Yon fondatè A. Philip Randolph Institute ak òganizatè Mach Washington nan an 1963.

Edie Windsor - Yon Nouyòkè ki te genyen yon pwosè kont gouvènman federal la ki te ede trase chimen pou legalize maryaj ant menm sèks la toupatou nan Etazini.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)